

# Pwogram Bloke Lwaye

## Kesyon Moun Poze Souvan (Frequently Asked Questions, FAQ)

### KISA PWOGRAM BLOKE LWAYE A YE?

Pwogram Bloke Lwaye a gen rapò ak Retire Ogmantasyon Lwaye pou Moun Aje (Senior Citizen Rent Increase Exemption, SCRIE) ak Retire Ogmantasyon Lwaye pou Moun Andikape (Disability Rent Increase Exemption, DRIE). Pwogram sa yo ede moun aje ki kalifye yo (62 ane oswa plis) ak lokatè andikape ki kalifye yo pou yo rete nan yon lojman nan yon pri ki rezonab lè yo bloke lwaye yo pou yo. Yon kredi enpo pou imobilye *kopanse* diferans ant montan reyèl (legal) lwaye a ak sa lokatè a responsab pou l bay la.

### KALIFIKASYON

#### 1. Ki moun ki kalifye pou SCRIE?

Kondisyon pou Kalifye pou SCRIE:

- Laj: 62 ane oswa plis.
- Revni total fwaye a: \$50.000 oswa mwens.
- Plis pase yon tyè nan revni mansyèl fwaye a dwe rezève pou lwaye.
- Moun ki fè demann nan dwe abite epi non li dwe ekri nan kontra lwaye a, oswa gen dwa pou kontinye rete nan yon apatman ki gen lwaye ki reglemante (sa vle di, yon lwaye ki Estab, yon lwaye ki Kontwole oswa nan Otèl ki gen lwaye ki Reglemante).

Kandida ki nan SCRIE nan yon apatman nan yon bilding leta federal la responsab pou peye ipotèk la selon Atik 213 nan Lwa sou Lojman Nasyonal la, oswa ki se byen yon Konpayi Lojman ki gen Pwofi Limite oswa yon Konpayi Lojman ki Limite nan Enterè li bay (devlopman Mitchell-Lama), yon Konpayi pou Redevlopman oswa yon Konpayi k ap Finanse Devlopman Lojman (Housing Development Fund Company, HDFC) ki kreye selon Lwa sou Lojman ki gen Finansman Prive nan Eta New York dwe kontakte Depatman pou Prezèvasyon ak Devlopman Lojman an (Department of Housing Preservation and Development, HPD) pou fè yon demann pou SCRIE. Pou demann ak plis enfòmasyon, tanpri rele (212) 863-8494 oswa vizite [www.nyc.gov/hpd](http://www.nyc.gov/hpd).

#### 2. Ki moun ki kalifye pou DRIE?

Kondisyon pou Kalifye pou DRIE:

- Laj: 18 ane oswa plis.
- Revni total fwaye a: \$50.000 oswa mwens.
- Plis pase yon tyè nan revni mansyèl total fwaye a dwe rezève pou lwaye.
- Kandida ki abite nan yon apatman ki sitiye nan yon bilding leta federal la responsab pou peye ipotèk la selon Atik 213 nan Lwa sou Lojman Nasyonal la, oswa ki se byen yon Konpayi Lojman ki gen Pwofi Limite, oswa yon Konpayi Lojman ki Limite nan Enterè li bay yo (devlopman Mitchell-Lama), yon Konpayi pou Redevlopman oswa yon Konpayi k ap Finanse Devlopman Lojman (Housing Development Fund Company, HDFC) ki kreye selon Lwa sou Lojman ki gen Finansman Prive nan Eta New York, oswa ki abite nan yon apatman ki gen Lwaye Kontwole, oswa Lwaye ki Estab, dwe jwenn kounye a Asirans Sekirite Sosyal pou Andikape (Social Security Disability Insurance, SSDI), Revni pou Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income, SSI), pansyon pou andikap, oswa avantaj konpansasyon pou andikape Depatman Ansyen Konbatan pou Etazini yo bay, kèk pansyon pou andikape oswa avantaj konpansasyon pou andikape Depatman Lapòs nan Etazini bay, oswa moun ki te deja kalifye paske yo te konn jwenn konpansasyon pou andikape nan kad pwogram pou Revni Sekirite Sipleman a oswa pwogram Sekirite Sosyal pou Andikape a, epi jwenn kounye a avantaj pou asistans medikal ki baze sou idantifye andikap la, jan sa mansyone nan Atik 366 nan Lwa sou Sèvis Sosyal yo.

#### 3. Ki kalite apatman ki pa kalifye?

- Si apatman ou nan pa yon lwaye ki reglemante (lwaye ki nòmal sou mache a), ou pa kalifye.
- Si apatman ou nan pou plizyè moun epi ki pa gen lwaye ki reglemante, ou pa kalifye.
- Si apatman ou nan sitiye nan yon bilding; eta federal la responsab pou peye ipotèk la selon Atik 213 nan Lwa sou Lojman Nasyonal la, oswa ki se byen yon Konpayi Lojman ki gen Pwofi Limite oswa yon Konpayi Lojman ki Limite nan Enterè li bay (devlopman Mitchell-Lama), yon Konpayi pou Redevlopman oswa yon Konpayi k ap Finanse Devlopman Lojman (Housing Development Fund Company, HDFC) ki kreye selon Lwa sou Lojman ki gen Finansman Prive nan Eta New York, ou dwe kontakte Depatman pou Prezèvasyon ak Devlopman Lojman (Department of Housing Preservation and Development, HPD) pou fè yon demann pou SCRIE. Pou demann oswa plis enfòmasyon, tanpri rele (212) 863-8494 oswa vizite [www.nyc.gov/hpd](http://www.nyc.gov/hpd).
- Si ou ap viv nan yon kay ki gen yon (1) sèl fanmi, de (2) fanmi oswa twa (3) fanmi, ou pa kalifye.
- Si ou lwe yon pati nan kay yon lòt moun lwe, ou pa kalifye.
- Si ou ap viv deyò Vil New York, ou pa kalifye.

## SOMÈT DOKIMAN YO

### 1. Ki dokiman mwen dwe atache ak demann mwen te fè deja a pou pwouve apatman mwen an se yon lwaye ki reglemante?

**Pou apatman ki gen lwaye ki estab yo:** Ou dwe soumèt kontra lokasyon ou gen kounye a ansanm ak kontra lokasyon ou te gen anvan an. Ou menm ansanm ak pwopriyete a dwe siyen Kontra lokasyon yo.

**Pou apatman ki gen lwaye ki kontwole yo:** Ou dwe soumèt avi montan maksimòm lwaye ou genyen pou peye kounye a ak pou sa ki pase deja yo. (Fòm RN-26).

**Pou otèl ki gen lwaye ki reglemante yo ak inite chanm akouche endividyèl yo (single-room occupancy, SRO):** Ou dwe soumèt yon lèt pou ogmantasyon lwaye administrasyon ou nan siyen ak yon kopi sou lwaye ki pase yo nan DHCR oswa sou anrejisman apatman an nan DHCR.

**Pou pwopriyete Mitchell-Lama yo, kowoperativ HDFC ak kowoperativ nan Atik 213 la:** Ou dwe soumèt yon dokiman enprime sou pase lwaye yo oswa yon lèt biwo administrasyon ou nan bay ki mansonje dat dènye ogmantasyon lwaye a, montan ou te peye pou lwaye a anvan ogmantasyon an ak montan ou peye apre ogmantasyon lwaye a, ansanm ak yon atestasyon anrapò ak revni fwaye a, si sa nesèsè.

## LWAYE BLOKE

### 1. Kisa lwaye bloke vle di?

Lwaye bloke ou la se lwaye mansyèl ou dwe peye pwopriyete a antanke patisipan nan Pwogram Lwaye Bloke a. Montan lwaye bloke a afiche nan avi apwobasyon an.

### 2. Kijan yo kalikile montan lwaye bloke mwen an?

Nan anpil ka, nou bloke lwaye ou la swa nan montan lwaye legal ou te gen anvan an, oswa nan yon tyè revni mansyèl ou a, y ap pran montan ki pi plis la.

### 3. Kijan yo kalikile montan lwaye bloke mwen an si mwen gen yon kontra lwaye privilejye avèk pwopriyete a?

Si ou te bay Depatman Finans yon kontra lwaye oswa yon kondisyon ki ajoute sou kontra lwaye a ki fè konnen ou ap peye yon montan pou "lwaye privilejye" ki mwens pase lwaye legal reglemante a dapre yon akò ekri ou gen avèk pwopriyete a, montan lwaye bloke ou la pral kalkile nan fason ki vin an apre a:

- Si ou se yon nouvo kandida nan Pwogram Lwaye Bloke a epi ou reponn ak tout kondisyon kalifikasyon ki nan pwogram nan, lwaye bloke ou a pral baze sou lwaye privilejye a.
- Si ou ap viv nan yon inite lojman ki benefisyè Kredi Enpo pou Lojman ki gen Revni ki fèb (Low-Income Housing Tax Credit, LIHTC) epi ou ap bay yon avi ki ajoute sou kontra lwaye ki gen LIHTC a, y ap bloke lwaye ou la nan premye montan lwaye LIHTC ou a oswa nan yon tyè revni mansyèl ou a, y ap pran montan ki pi plis la.

## REVNI TOUT MOUN NAN KAY LA CHAK ANE

### 1. Kijan pou mwen kalkile revni anyèl tout moun ki nan kay la pou Pwogram Lwaye Bloke a?

Revni anyèl total tout moun ki nan kay la egal revni anyèl pa ou, plis revni anyèl tout moun ki nan fwaye a pou ane sivil ki pase a. Kandida SCRIE ak DRIE ki soumèt yon premye demann oswa ki renouvle demann yo pandan peryòd ki soti 1ye pou rive 15 Avril yo kapab bay enfòmasyon sou revni de (2) ane sivil ki sot pase yo nan dat soumasyon demann nan, si enfòmasyon sou revni ane sivil ki pase a pa disponib. Moun ki abite nan apatman kòm kolokatè, pansyonè, oswa kòm yon moun ki lwe nan men yon lokatè pa manm nan fwaye a. Sepandan, lwaye yon kolokatè, yon pansyonè oswa yon moun ki lwe nan men yon lokatè peye pral antre nan revni total fwaye a.

Revni anyèl total fwaye ou la dwe enferyè oswa egal ak \$50.000 oswa mwens apre dediksyon ki otorize yo. Dediksyon ki otorize yo se taks federal, eta a, lokal ak Sekirite Sosyal yo. Ou ka kalkile montan sa a lè ou sèvi ak total montan yo retire yo, oswa lè ou mete total taks yo evalye yo, jan sa anrejistre nan fòm IRS 1040 ak nan fòm NYS IT-201.

#### Remak:

- Dediksyon ki otorize anrapò ak SCRIE ak DRIE yo pa oblije menm ak dediksyon pou enpo sou revni.
- Travayè endepandan yo ka retire 81% nan enpo sou travay pèsonel yo, 19% nan enpo sa a se yon Taks Medicare yo pa ka retire pou detèmine kalifikasyon fwaye yo nan SCRIE/DRIE.

### 2. Ki jan pou mwen kalkile yon tyè nan revni mansyèl fwaye m nan?

Kalkile revni anyèl total fwaye ou la epi divize montan an pa 36. Pa egzanp, si revni anyèl fwaye ou la se \$36.000, yon tyè nan revni mansyèl ou a se \$1.000.

### 3. Ki revni pou m deklare pou m detèmine kalifikasyon mwen?

Ou ap jwenn anba a yon lis sous revni Pwogram Lwaye Bloke a pran an konsiderasyon. Si ou menm ansanm ak manm nan fwaye ou yo jwenn revni nan youn nan sous sa yo, tanpri mete yo nan kalkil ou ap fè pou revni anyèl ou a.

## PWOGRAM BLOKE LWAYE — Kesyon Moun Poze Souvan (Frequently Asked Questions, FAQ)

Sous Revni	Prèw Revni (Voye yon kopi pou tout dokiman ki konsène yo.)
Sekirite Sosyal (SSA, SSI, SSDI)	SSA-1099 oswa enpresyon lèt atribisyon pou sibvansyon SSI
Pèman, Salè, Konsèy	W-2, sa gen ladan travay pèsònèl
Revni anrapò ak Biznis	Pwogram C, Deklarasyon Enpo Sou Revni S-Corp avèk K-1 oswa Deklarasyon Enpo Sou Revni pou Asosyasyon
Peye Enpo sou Revni ki rapòte Enterè ak sou Revni ki pa Rapòte Enterè	Tout relve 1099-INT ak relve nan fen ane pou revni ki pa rapòte enterè yo
Peye Enpo sou Enterè yon konpayi bay aksyonè yo ak sou Enterè konpayi a pa bay aksyonè yo	Tout relve 1099-DIV ak relve nan fen ane pou peye enpo sou enterè konpayi a pa bay aksyonè yo.
Revni IRA	Dokiman ki montre enterè, enterè yon konpayi bay aksyonè yo oswa kantite kòb yon kapital rapòte. Pa mete montan alokasyon ou nan ladan.
Pansyon, ranbousman, plan pou retrèt	Relve 1099-R yo ki gen ladan peye enpo pou pansyon ki rapòte enterè yo ak pou pansyon ki pa rapòte enterè yo
Pansyon pou andikap oswa alokasyon pou andikape nan Depatman Ansyen Konbatan yo.	Relve anyèl pou kouvèti yo
Pansyon pou andikap oswa alokasyon konpansasyon pou andikape ki nan Sèvis Lapòs Etazini yo	Relve anyèl pou kouvèti yo
Montan yon Kapital rapòte	Relve montan kapital yo rapòte enstitisyon finansye yo
Revni pou lwaye apre taks (pou tout byen yo)	Pwogram E nan deklarasyon enpo Federal sou revni
Lwaye pansyonè, kolokatè, ak moun ki lwe nan men yon lokatè peye	Lèt ki siyen epi ki notarye ki montre montan egzak yo te peye ou la.
Èd pou Lwaye (sibvansyon)	Kopi lèt sibvansyon ajans /òganizasyon k ap jere sibvansyon an bay (egzanp, HUD, Links, NYCHA, elatriye.)
Revni apre Dediksyon pou yon Travay Pèsònèl	Pwogram C nan deklarasyon enpo Federal sou revni ou la
Alokasyon pou andikape, konpansasyon pou travayè, oswa alokasyon pou asirans chomaj	Lèt rekonpans
Revni yo pran sou byen oswa fondasyon	Deklarasyon enpo sou revni pou byen oswa fondasyon
Kontribisyon yo pran pou pansyon alimantè ak pou pran swen timoun	Desizyon Tribinal la, dokiman ki detaye kontribisyon mansyèl yo pran yo
Genyen nan jwèt oswa nan lotri	1099-MISC
Alokasyon pou asistans piblik sou fòm lajan kach oswa lòt sous revni	Mete prèw la ansanm avè l
Anile dèt	1099-MISC

## 4. Ki revni yo retire lè y ap kalkile kalifikasyon yon kandida nan Pwogram Bloke Lwaye a?

- Kado Lajan Kach
- Eritaj
- Ranbousman yo bay apre yon pwosè pou domaj kòporèl
- Pèman asirans pou enèji
- Ranbousman enpo sou revni
- Transfè IRA
- Avantaj Pwogram Èd Alimantè Sipleman (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP)
- Pèman reparasyon pou viktim anrapò ak pèsèkasyon Nazi yo

## 5. Ki sa yo ka retire nan revni anyèl fwaye a?

Taks y ap retire yo se taks federal, eta, lokal ak Sekirite Sosyal yo. Ou gen posiblite pou ou retire swa taks y ap pran yo, swa montan total taks yo evalye yo. Yo p ap retire taks Medicare yo.

## 6. Ki dokiman Sekirite Sosyal ki akseptab kòm prèv revni?

Pi bon prèv la se fòm SSA-1099 pou ane ki vin anvan ane kote ou te fè demann nan.

Si ou jwenn alokasyon SSI, tanpri bay yon lèt ki soti nan administrasyon Sekirite Sosyal la ki bay yon rezime sou pèman SSI ou yo pou ane ki sot pase a.

## 7. Mwen sot pran retrèt mwen definitivman ane pase epi, pou rezon sa a, revni mwen pou ane sa a pa menm ak revni ane pase a. Ki enfòmasyon sou revni mwen bezwen pou m soumèt?

Ou dwe soumèt revni total ou pou ane ki pase a, sa gen ladan salè ou yo, revni pou retrèt ou yo ansanm ak yon lèt ansyen patwon ou nan bay ki endike dat retrèt ou. Si ou te pran retrèt ou kòm travayè endepandan oswa si ou pa ka jwenn yon lèt nan men ansyen patwon ou nan, ou ka soumèt yon lèt notarye ou siyen ki endike dat retrèt ou. Nou pral fè yon etid sou revni retrèt ou a sou 12 mwa.

# MANM NAN FWAYE

## 1. Nan kad Pwogram Bloke Lwaye yo, ki moun yo konsidere kòm chèf fwaye a epi ki moun yo konsidere kòm manm nan fwaye a?

Chèf fwaye a se kandida ki apwouve pou avantaj SCRIE/DRIE yo. Si chèf fwaye a marye oswa si li se patnè nan yon koup ki anrejistre, yo konsidere toulede konjwen yo oswa patnè yo kòm chèf fwaye a, selon kèk kondisyon. Manm fwaye yo se tout lòt kandida yo ansanm ak tout lòt moun ki abite definitivman nan apatman an, sof kolokatè yo, pansyonè yo, oswa moun ki lwe kay nan men yon lokatè. Ou dwe mete tout manm fwaye yo nan demann nan epi pataje revni yo genyen ki anplas pou ane ki sot pase a. Si youn nan manm fwaye a pa t gen revni pandan ane ki sot pase a, ou dwe fè konn sa nan demann nan epi bay yon prèv pou absans revni.

## 2. Ki moun yo pa konsidere kòm yon manm nan fwaye a?

- Yon kolokatè ki serye ki pa gen relasyon famiyal ak chèf fwaye a.
- Yon moun ki lwe nan men yon lokatè ki pa gen relasyon famiyal ak chèf fwaye a.
- Yon pansyonè ki pa gen relasyon famiyal ak chèf fwaye a.
- Yon pansyonè ki gen yon kontra lwaye epi ki peye ou pou lwaye.

Ou pa oblije mansyone pansyonè yo nan demann ou a. Sepandan, ou dwe pataje montan lwaye yo peye ou la lè ou soumèt yon lèt pansyonè a bay ki mansyone konbyen lajan l ap ba ou chak mwa. Pa soumèt revni pansyonè a touche. Yo pa konside manm fanmi kòm pansyonè. Tanpri sonje, kolokatè, pansyonè ak moun ki lwe nan men yon lokatè pa kalifye pou jwenn avantaj anrapò ak pran responsablite. Sèlman manm nan yon fwaye ki gen dwa fè yon demann pou rebran yon kouvèti.

## 3. E Si ou menm oswa yon manm nan fwaye a pa t gen revni pandan ane ki sot pase a?

Ou ap jwenn anba a yon lis sou kèk dokiman nou pral aksepte si ou fè konnen ou menm oswa yon manm nan fwaye ou la pa t gen revni pandan ane ki sot pase a:

- Lèt ki Pwouve Ou Pa t Fè Demann pou IRS
- Lèt ki pwouve ou se yon etidyan aprentan
- Lèt ki soti nan Administrasyon Sekirite Sosyal la ki fè konnen ou pa t gen revni pandan ane ki sot pase a.
- Yon lèt notarye ou menm siyen oswa yon manm nan fwaye a siyen, ki fè konnen pa t gen okenn revni pandan ane ki sot pase a.

## 4. Si yon moun lakay ou a deja genyen SCRIE oswa DRIE, èske yon lòt manm ka fè demann pou SCRIE oswa DRIE?

Non. Lalwa pa pèmèt pou yon fwaye gen an menm tan SCRIE ak DRIE.

## REPREZANTAN LOKATÈ YO

### 1. Kiyès yon reprezantan lokatè ye epi ki jan yo ka ede m?

Yon reprezantan lokatè se nenpòt moun ou chwazi pou resewva yon kopi nan tout avi yo voye ba ou, epi kapab ede ou tou nan pwosesis demann ou a. Reprezantan lokatè yo kapab manm fanmi, zanmi, vwazen oswa òganizasyon kominotè yo. Reprezantan lokatè yo kapab tou nenpòt moun ki chwazi kòm reprezantan legal, tankou responsab fwaye kolektif yo, avoka yo, jesyonè lojman pou moun aje yo, administratè lojman retrèt yo, administratè sèvis sosyal yo, elatriye.

Nan ka kote nou pa ka kontakte ou, oswa ou pa jwenn okenn avi, oswa ou pa konprann avi yo te voye ba ou a, reprezantan lokatè ou la gen dwa kapab ede ou.

Yon reprezantan lokatè pa ka siyen nan non yon moun ki fè demann pou SCRIE oswa DRIE, se sèlman yon ajan ki ka siyen nan non moun ki fè demann pou SCRIE oswa DRIE a. Yon ajan se yon moun ki ka yon responsab legal ki nome pou fè demann SCRIE oswa DRIE, oswa yon moun ki gen yon otorizasyon antanke mandatè pou fè demann SCRIE oswa DRIE.

Lè yon lokatè nome yon reprezantan lokatè pou yon demann ki pase, sa ap rete an vigè jiskaske moun ki fè demann nan retire nominasyon sa a, oswa si reprezantan an mande pou retire nominasyon an. Tout nominasyon yon reprezantan lokatè dwe gen ladan adrès pòstal reprezantan an.

## DEMANN POU BLOKE LWAYE

### 1. Si mwen fè yon demann pou SCRIE oswa DRIE pou premye fwa, èske m dwe fè l anvan m siyen kontra pou renouvle lwaye m nan oswa apre?

Ou gen dwa fè yon demann pou Pwogram Bloke Lwaye — SCRIE oswa DRIE — nan nenpòt moman pandan peryòd kontra lwaye ou la. Li pi bon pou ou fè yon demann lè ou ranpli kondisyon debaz pou ou kalifye yo. Piske, an jeneral, yo kalkile lwaye bloke ou la grasa kontra lwaye ki te egziste anvan kontra lwaye ou gen kounye a, nou pral bezwen de (2) kontra lwaye lè ou pral fè premye demann ou nan Pwogram Bloke Lwaye a.

### 2. Èske mwen kapab fè yon demann pou Pwogram Bloke Lwaye a sou entènèt?

Wi, si ou ap fè yon demann pou Pwogram Bloke Lwaye a pou premye fwa, ou kapab fè li sou entènèt nan [www.nyc.gov/nyctap](http://www.nyc.gov/nyctap). Tanpri sonje ou pa kapab soumèt demann pou renouvèlman ou nan sou entènèt.

### 3. Ki jan mwen kapab jwenn fòm pou demann yo?

Tout fòm nou yo kapab telechaje lè ou ale sou sit entènèt nou an nan [www.nyc.gov/rentfreeze](http://www.nyc.gov/rentfreeze). Fòm yo disponib tou nan biwo Pwogram Bloke Lwaye nou an nan 66 John Street, 3rd Floor, nan Manhattan, oswa nan youn nan lòt biwo nou yo. Tanpri konsilte sit entènèt nou an oswa rele 311 pou ou ka konnen lokal yo ak lè yo fonksyone. Ou kapab rele 311 tou pou ou mande pou yo voye yon fòm ba ou nan kourye.

### 4. Kisa m dwe soumèt ansanm ak demann mwen an?

Ou dwe soumèt ansanm ak demann ou a tout dokiman yo egzije yo. Suiv enstriksyon ki nan demann ou a pou ou ka wè ki dokiman ou ap bezwen soumèt. Si ou pa voye tout dokiman yo egzije yo, nou gen dwa pa kapab trete demann ou a.

### 5. E si m pa kapab siyen demann mwen an yon fason fizik?

Yon ajan gen dwa siyen nan non ou. Yon ajan se yon moun ki ka yon responsab legal ki nome pou fè demann SCRIE oswa DRIE, oswa yon moun ki gen yon otorizasyon antanke mandatè pou fè demann SCRIE oswa DRIE. Tanpri soumèt otorizasyon an oswa desizyon tribinal la ansanm ak demann nan, yon fason pou Depatman Finans la kapab konsève enfòmasyon ki nan dosye yo epi pou asire l yo voye kopi nan tout korespondans ki gen rapò ak Pwogram Bloke Lwaye a bay ajan ou la.

### 6. Mwen gen depans anrapò ak gwo reparasyon byen (major capital improvement, MCI), èske Pwogram Bloke Lwaye a pral peye yo?

Si yo bay lòd ki gen rapò ak gwo reparasyon byen nan 90 jou ki vin apre dat premye demann ou an, Pwogram Bloke Lwaye a pral kouvri ogmantasyon an. Si yo te bay lòd ki gen rapò ak gwo reparasyon byen an nan plis pase 90 jou anvan dat premye demann ou an, ou pral responsab pou ou peye ogmantasyon MCI a. Yo pral ajoute MCI a sou montan lwaye bloke ou la.

## RENOUVÈLMAN AK CHANJMAN

### 1. Ki lè mwen dwe renouvle avantaj Lwaye Bloke mwen an?

Tout benefisyè Pwogram Bloke Lwaye yo dwe depoze yon demann pou renouvèlman chak ane oswa chak dezan, selon dat pwoteksyon a ap fini an. Desizyon ou apwouve yo pral toujou montre peryòd ki kouvri yo. Yo voye demann pou renouvèlman an nan kourye anviwon 60 jou anvan kouvèti benefisyè a ekspire. Si ou pa t jwenn demann renouvèlman an nan kourye, ou kapab telechaje yon demann nan [www.nyc.gov/rentfreeze](http://www.nyc.gov/rentfreeze) oswa rele 311 epi mande pou yo voye yon demann pou ou nan kourye. Demann renouvèlman ou an dwe depoze nan sis (6) mwa ki vin apre pwoteksyon ou la ekspire.

## 2. Kisa “verifikasyon pou kalifikasyon yon tyè revni an ye” epi ki jan li kapab afekte pwoteksyon mwen an?

Pou yon premye demann SCRIE oswa DRIE, lwaye apatman ou nan dwe depase yon tyè revni fwaye a. Pou demann renouvelman, demann pou nouvo evalyasyon ak demann pou transfè kouvèti apatman, si lwaye ou la pa depase yon tyè nan revni fwaye a, lwaye ou pral oblije peye a pral ogmante pou rive nan yon tyè nan revni fwaye a si ou antre nan pwogram SCRIE/DRIE a apati 2 Jiyè 2015 oswa apre.

Men, si ou antre nan pwogram SCRIE/DRIE a 1ye Jiyè 2015 oswa anvan, yo pa pral soumèt lwaye bloke ou la pou verifikasyon ak kalifikasyon yon tyè nan revni an pou demann renouvelman yo, demann nouvo evalyasyon yo ak demann transfè pou pwoteksyon apatman yo.

## 3. Ki sa k ap rive si m depase nivo revni ki akseptab pou yon peryòd renouvelman an?

Si kouvèti ou la fini paske revni anyèl fwaye ou la depase \$50.000, oswa lwaye ou la pi piti pase yon tyè nan revni mansyèl fwaye ou la pou yon peryòd renouvelman, ou ka soumèt yon nouvo demann nan pwogram nan alavni, si ou panse ou kalifye. Si revni ou diminye pandan ane sivil ki vin annapre a, petèt ou gen dwa kalifye pou ou rekipere ansyen lwaye bloke ou la. Pou fè yon nouvo demann, tanpri soumèt yon premye demann pandan ane sivil ki vin annapre a.

## 4. Ki sa k ap rive si revni fwaye m nan diminye oswa si m vin pèdi revni m pou anpil tan?

Si te gen yon pèt 20% *ki dirab* oswa plis nan revni fwaye ou te deklare nan dènye demann ki te apwouve a, ou ka mande yon nouvo evalyasyon pou montan lwaye ki bloke ou la lè ou ranpli yon demann pou yon Nouvo evalyasyon, ou ap jwenn li nan [www.nyc.gov/rentfreeze](http://www.nyc.gov/rentfreeze). Ou dwe bay yon prèv sou revni fwaye ou la gen kounye a ansanm ak Demann Nouvo evalyasyon an.

Tanpri sonje, lè yon manm nan fwaye a pèdi travay li, sa pa vle di ap gen yon rediksyon pèmanan nan revni an pou sa, se sèl revni kolokatè a, pansyonè a oswa revni moun ki lwe nan men yon lokatè a k ap diminye.

Si yo apwouve nouvo evalyasyon an, ou menm ansanm ak pwopriyete a pral resevwa yon lòd pou gen mizajou anrapò ak rediksyon taks k ap mansyone nouvo montan lwaye bloke a ak dat l ap vin anplas. Si chèf fwaye a mouri oswa kite definivman apatman an pandan 12 mwa, yon lòt chèf fwaye kalifye gen dwa soumèt yon Demann pou yon Nouvo evalyasyon.

**Nòt:** Yon lokatè ki soumèt yon premye demann epi ki apwouve pou Pwogram Lwaye Bloke a, pa kapab soumèt yon demann pou Nouvo evalyasyon anvan 12 premye mwa nan premye peryòd kouvèti a. Si lokatè a mouri oswa kite definivman apatman an pandan 12 mwa, yon lòt chèf fwaye kalifye gen dwa soumèt yon demann pou yon Nouvo evalyasyon.

## 5. Ki sa k ap rive si kandida prensipal la demenaje?

Si kandida prensipal la demenaje nan yon lòt apatman ki gen lwaye reglemante, li dwe depoze yon Demann Transfè pou Kouvèti Apatman, pou yo ka transfere sibvansyon li genyen yo nan nouvo apatman an. Tanpri sonje, lwaye bloke a ka chanje selon lwaye legal nan nouvo apatman an.

## 6. Ki sa k ap rive si kandida prensipal la mouri oswa si l al rete definivman nan yon lojman retrèt?

Si kandida prensipal la mouri, si li te demenaje definitivman nan yon lojman retrèt, oswa si li kite apatman an yon fason definitiv, yon lòt manm nan fwaye a gen dwa kalifye pou repran kouvèti a. Pou l ka kalifye, manm ki nan fwaye a dwe reponn ak kritè kalifikasyon ki nan Pwogram Bloke Lwaye a epi li te deja enskri pou yon demann. Yo dwe depoze yon demann pou reprann kouvèti a nan sis (6) mwa ki vin apre lanmò a, oswa demenajman kandida prensipal la, oswa nan 90 jou ki vin apre Depatman Finans fin voye yon avi pou revokasyon, y ap kenbe dènye dat la.

Tanpri sonje, konjwen ki kontinye ap viv yo oswa patnè nan koup ki anrejistre yo pa gen obligasyon pou Soumèt yon Demann pou Repran Pwoteksyon a si yo te deja ranpli kondisyon ki nesèsè pou benefisyè kouvèti Lwaye Bloke yo pandan soumisyon dènye demann nan, epi si yo te nan demann nan kòm manm fwaye a.

Si ou se yon manm nan fwaye a epi ou ranpli tout kondisyon pou ou kalifye pou SCRIE oswa DRIE, ou dwe soumèt yon Demann pou Repran Pwoteksyon a ak youn nan dokiman ki vin annapre yo:

- Yon kontra lwaye oswa yon lokasyon ki gen non ou kòm lokatè oswa kolokatè
- Yon lèt administrasyon bilding nan bay ki fè konnen ou gen dwa pou ou abite nan apatman an
- Yon desizyon tribinal ki ba ou dwa pou ou abite nan apatman an

Anrapò ak prensipal benefisyè kouvèti a, soumèt dokiman ki vin annapre yo:

- Yon sètifika desè, si kandida prensipal la mouri
- Dokiman ki pwouve kandida prensipal la kite apatman an definitivman, tankou yon lèt nan yon lojman retrèt, yon kontra lwaye oswa yon lèt pwopriyete a bay oswa ajan k ap jere a bay, oswa yon pyès idantite gouvènman an bay ki gen ladan nouvo adrès la.

## 7. Ki sa m dwe fè si m pa respekte delè sis (6) mwa pou m depoze demann renouvelman mwen an oswa tout lòt delè ki gen rapò ak Pwogram Bloke Lwaye a?

Si ou bezwen plis tan pou ou soumèt demann ou a, oswa pou respekte tout lòt dat limit akoz yon andikap oswa yon pwoblèm fizik oswa mantal, ou kapab mande yon delè sipleman. Si ou bezwen èd oswa si ou gen kesyon konsènan yon andikap oswa yon demann delè sipleman, tanpri rele 311 epi mande pou responsab sèvis andikape nan Depatman Finans la. Ou ka kontakte tou [www.nyc.gov/contactdofeeo](http://www.nyc.gov/contactdofeeo) oswa vizite biwo Pwogram Bloke Lwaye nou an nan 66 John Street, 3rd Floor, nan Manhattan. Yo ankouraje ou pran randevou pou yon sèvis pi rapib, men sa pa obligatwa. Ou ka pran yon randevou nan [www.nyc.gov/dofappointments](http://www.nyc.gov/dofappointments).

# PWOGRAM BLOKE LWAYE — Kesyon Moun Poze Souvan (Frequently Asked Questions, FAQ)

Menmsi ou pa gen yon andikap oswa yon pwoblèm fizik oswa mantal, ou kapab kalifye si ou rate dat limit la akòz sikonstans ki eksepsyonèl pandan peryòd soumasyon demann ou a si kouvèti ou la gen mwens pase 12 mwa depi l ekspire. Si ou te etènè lopital pou yon pwoblèm medikal tanporè, oswa si apatman ou an kraze akòz dife, inondasyon, katastwòf natirèl, oswa lòt sikonstans eksepsyonèl, ou ka soumèt yon deklarasyon pou sikonstans espesyal ansanm ak tout lòt dokiman sou demann ou an avèk demann ou an. Ou gen dwa tou jwenn yon pwolongasyon si fwaye ou la te an reta nan soumèt demann pou Lwaye Bloke I la akòz COVID-19. Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte 311 epi mande pou Pwogram Bloke Lwaye a, oswa vizite [www.nyc.gov/contactscrie](http://www.nyc.gov/contactscrie) oswa [www.nyc.gov/contactdrie](http://www.nyc.gov/contactdrie).

## 8. Si nan ane ki sot pase yo mwen pa t kalifye, èske m ka fè yon nouvo demann?

Wi. Ou kapab fè yon nouvo demann si ou ranpli kondisyon pou ou kalifye nan Pwogram Bloke Lwaye a.

## 9. Ki sa pou m fè si pwopriyetè m nan pa renouvle kontra m?

Ou dwe ranpli epi siyen yon fòm sètifikasyon pou pa renouvle kontra lwaye, epi soumèt li ansanm ak prèv ki montre kounye a ou ap viv nan apatman an. Lè ou resevwa demann pou renouvèlman ou nan nan men pwopriyetè ou la, tanpri voye l nan kourye nan adrès sa a: Depatman Finans nan NYC, Pwogram Bloke Lwaye, P.O. Box 3179, Union, NJ 07083. Anplis fòm sa a, ou dwe soumèt demann pou renouvèlman ou nan. Ou p ap ka itilize fòm sa a pou plis pase de (2) peryòd renouvèlman youn dèyè lòt.

## 10. Kòman mwen kapab fè konnen gen chanjman nan fwaye m?

Ou kapab sèvi ak fòm Chanjman nan Pwogram Bloke Lwaye a pou fè Depatman Finans konnen yon chanjman ki gen nan fwaye ou la, oswa pou ou chwazi yon nouvo reprezantan lokatè.

## POU OU JWENN PLIS ÈD

### 1. Kiyès mwen dwe kontakte si mwen gen kesyon konsènan kouvèti mwen an oswa sou pwosesis demann nan?

Si ou gen aksè ak yon òdinatè, ou dwe soumèt yon demann sou sit entènèt Depatman Finans la lè ou ale sou [www.nyc.gov/contactscrie](http://www.nyc.gov/contactscrie) pou kesyon konsènan SCRIE oswa [www.nyc.gov/contactdrie](http://www.nyc.gov/contactdrie) pou kesyon konsènan DRIE. Ou kapab rele tou 311, oswa ale sou sit pou aksè lokatè nan Vil New York pou Pwogram Bloke Lwaye a sou [www.nyc.gov/nyctap](http://www.nyc.gov/nyctap).

Kounye a nou bay yon asistans an pèsòn, soti Lendi pou rive Vandredi, 8:30 nan maten jiska 4:30 nan apre midi, nan sant asistans pou Bloke Lwaye nou an, ki sitiye nan 66 John Street, 3rd Floor, New York, NY 10038. Nou ankouraje ou pou ou pran randevou pou vizit ou a sou [www.nyc.gov/dofappointments](http://www.nyc.gov/dofappointments).

Si ou bezwen èd oswa si ou pa kapab soumèt demann nan oswa dokiman an akòz yon pwoblèm ki gen rapò ak yon andikap, tanpri rele 311 epi mande pou responsab sèvis andikape DOF la.

### 2. Kiyès mwen ka kontakte si m pa konprann yon desizyon yo te pran konsènan demann mwen an oswa pwoteksyon m nan?

Tout kandida nan Pwogram Bloke Lwaye yo ki te resevwa yon apwobasyon ofisyèl pou yon sibvansyon, yon refi, oswa yon avi pou revokasyon gen dwa jwenn èd pou rezoud pwoblèm ki gen rapò ak demann yo fè ansanm ak sibvansyon yo jwenn pou SCRIE oswa DRIE. Medyatè SCRIE oswa DRIE a kapab idantifye epi rezoud pwoblèm ki gen rapò ak demann ou a oswa ak pwoteksyon ou la apre ou fin tèmine pwosesis demann nan. Ou kapab kontakte yo lè ou vizite sit entènèt DOF la nan [www.nyc.gov/contactscrieombuds](http://www.nyc.gov/contactscrieombuds) oswa [www.nyc.gov/contactdrieombuds](http://www.nyc.gov/contactdrieombuds).

### 3. Ki sa m dwe fè si m gen pwoblèm konsènan kontra lwaye m nan oswa pou konteste montan legal lwaye m nan?

Pou tout kesyon anrapò ak kontra lwaye, pou rezoud yon konfli lwaye, oswa pou depoze yon plent paske pwopriyetè ou la pa ba ou kontra lwaye a, lokatè yo kapab kontakte Direksyon Lojman ak Renouvèlman Kominotè (Division of Housing and Community Renewal, DHCR). Ou kapab kontakte DHCR:

**An pèsòn:** Gertz Plaza, 92-31 Union Hall Street, Jamaica, New York 11433

**Nan Telefòn:** 718-739-6400

**Nan Imel:** [RentInfo@nyshcr.org](mailto:RentInfo@nyshcr.org)

Pou jwenn plis enfòmasyon sou devlopman Mitchell-Lama Vil la finanse, tanpri kontakte Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman nan Vil New York (New York City Department of Housing Preservation and Development, HPD):

**Nan Telefòn:** 212-863-6500

**Nan Imel:** [Mitchell-Lama@hpd.nyc.gov](mailto:Mitchell-Lama@hpd.nyc.gov)

Pou jwenn plis enfòmasyon sou devlopman Mitchell-Lama Eta a Finanse, tanpri vizite Renouvèlman Lojman ak Kominotè nan Eta New York (New York State Homes and Community Renewal, HCR):

**Nan Telefòn:** 866-463-7753

**Vizite sit entènèt yo a nan:** [www.hcr.ny.gov](http://www.hcr.ny.gov)